

Pwoteksyon ki Pi Solid kont Plon nan Dlo Potab: Pwochen Etap sou Règleman pou Plon ak Kwiv

Syans sou plon te etabli depi plizyè deseni. Pa gen okenn nivo ki sekirize nan ekspozisyon nan plon. Nan dlo potab, sous prensipal plon an soti nan tiyo, ki ka prezante yon risk pou sante timoun ak adilt. Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Agency, EPA) Ezetazini an pran angajman pou l sèvi ak tout zouti ki disponib—otorite legal dapre Lwa sou Dlo Potab, asistans teknik, finansman pou retire liy sèvis plon, ak plis ankò—pou pwoteje tout Ameriken kont plon nan dlo potab. Ajans la pral travay an kolaborasyon ak patnè lokal, eta ak federal yo pou fè pwogrè rapid nan vizyon Prezidan Biden pou retire 100% liy sèvis plon yo, ak yon konsantrasyon pou priyore kominote ki te sibi enpak yon fason inegal ak kontaminasyon plon an.

Nan dat 16 Desanm 2021 an, EPA te anonse pwochen etap pou ranfòse kad regleman pou plon nan dlo potab. Aprè revizyon ajans lan sou Revizyon Règleman pou Plon ak Kwiv yo (Lead and Copper Rule Revisions, LCRR) selon Dekrè Egzekitif 13990, EPA te konkli ke gen anpil opòtinite pou amelyore règleman pou soutni objektif prensipal pou retire liy sèvis plon yo epi pwoteje sante piblik la yon fason ki plis ekitab. Yon eleman enpòtan nan revizyon EPA a nan LCRR a se te angajman piblik solid la. Ajans lan te òganize yon seri angajman ant avril jiska dawout 2021 pou jwenn opinyon piblik la. Reyinyon angajman yo te gen ladann de jou sesyon ekout piblik, 10 tabwonn kominotè, yon tabwonn Tribal, yon tabwonn asosyasyon nasyonal aktè yo, yon reyinyon ko-regilatè nasyonal, ak yon reyinyon avèk òganizasyon ki reprezante responsab ki eli yo.

Nan yon Avi Rejis Federal, EPA te anonse ke LCRR a pral antre anvigè pou sountni devlopman akoutèm aksyon pou redwi plon nan dlo potab. An menm tan, EPA pral devlope yon nouvo pwopozisyon reglemantasyon pou ranfòse eleman kle règleman la. Ajans lan prevwa finalize pwochen Amelyorasyon Règleman pou Plon ak Kwiv (LCRI) la anvan 16 Oktòb 2024, dat inisyal konfòmite nan LCRR a.

Aplikasyon Revizyon Règleman pou Plon ak Kwiv

Ajans lan detèmine ke genyen avansman nan LCRR a. Espesyalman, envantè liy sèvis plon ki pral devlope selon LCRR a nesèsè pou reyalize 100% anlèvman liy sèvis plon yo. EPA gen entansyon kenbe egzijans pou enfòmasyon yo dwe soumèt nan envantè inisyal liy sèvis plon an nan aktyèl dat konfòmite 16 Oktòb 2024 la. Lè yo kenbe dat limit konfòmite sa a li asire sistèm dlo yo pral fè pwogrè kontini pou idantifye liy sèvis plon yo, ki se yon pati entegral nan efò rediksyon plon an.

Pou ede sistèm dlo lokal yo, ajans prensipal eta yo, ak lòt patnè yo, EPA pran angajman pou l **sòti nouvo konsèy pou LCRR**. EPA ap pwomèt konsèy sou devlopman envantè liy sèvis plon, ki gen ladan pi bon pratik, etid ka, ak modèl. Epitou EPA ap aktyalize Sistèm Enfòmasyon sou Dlo Potab la pou sipòte bezwen nan jesyon done nan eta ak Tribal pou envantè yo.

Nouvo Aksyon pou Reglemantasyon: Amelyorasyon sou Règleman pou Plon ak Kwiv

EPA gen entansyon kòmanse devlope yon pwopozisyon Règleman Prensipal Nasyonal pou Dlo Potab touswit: Amelyorasyon Règleman pou Plon ak Kwiv pou rezoud pwoblèm prensipal ak opòtinite yo idantifye nan revizyon nou an. EPA gen entansyon pibliye LCRI a anvan 16 Oktòb 2024.

Zòn Konsantrasyon pou Pwopozisyon Règleman an

- **Ranplase tout Liy Sèvis Plon yo.** Ranplase tout liy sèvis plon se yon objektif enpòtan pou sante piblik. EPA gen entansyon pwopoze kondisyon ki, ansanm ak lòt aksyon yo, t ap ranplase tout liy sèvis plon osi vit posib. Pwopozisyon EPA a pral konsidere totalman otorite legal ajans lan ak analiz obligatwa yo, ki gen ladan yon analiz ekonomik..
- **Echantiyonaj Wobinè pou Konfòmite.** EPA gen entansyon evalye done pou konsidere opòtinite pou ranfòse egzijans konfòmite nan echantiyon wobinè yo. Metòd solid pou pran echantiyon wobinè yo esansyèl pou idantifye kote ki gen plon elve, keseswa sous dlo a se yon liy sèvis plon oswa materyèl plonbri ki gen plon nan yon rezidans.
- **Nivo Aksyon ak Deklantchman.** Pou règleman yo pwopoze a, ajans lan planifye pou eksplore opsyon pou diminye kompleksite ak konfizyon ki asosye ak nivo sa yo ak yon konsantrasyon sou diminisyon risk sante nan plis kominote. Ajans la pral evalye tou si egzijans nivo deklantchman LCRR a toujou nesèsè avèk yon ranplasman liy sèvis pwoaktif ak plis nivo aksyon pwoteksyon.
- **Priorize Kominote Yo Pa Desèvi Ase Depi Lontan.** EPA gen entansyon eksplore fason pou ranplase liy sèvis plon yo nan yon fason ki priorize kominote yo pa desèvi ase yo. EPA pral evalye opsyon pou bay priorite pou retire liy sèvis plon nan kominote ki te sibi enpak yon fason inegal nan dlo potab. Objektif amelyorasyon regleman pou potansyèl ranplasman liy sèvis plon sa yo—ki mache avèk aksyon non-reglemantè yo—se pou pwoteje sante piblik la yon fason ki plis ekitab.

Lòt Aksyon Anplis pou Redwi Plon nan Dlo Potab

EPA te konkli ke gen lòt aksyon anplis andeyò kad reglemantasyon SDWA a pou Reglemantasyon Plon ak Kwiv la ki kapab plis diminye plon nan dlo potab. Yo genyen ladan:

- **Fon Enfrastrikti Adisyonèl.** EPA te anonse ke li pral atribye \$2.9 milya nan finansman Lwa sou Enfrastrikti Bipatizan pou eta yo, Tribi, ak teritwa yo pou retire liy sèvis plon yo. Alokasyon 2022 sa a se premye nan senk alokasyon ki pral bay \$15 milya nan finansman ki fèt pou ranplase liy sèvis plon yo. Anplis de investisman devwe nan liy sèvis plon, Lwa a bay yon lòt \$11.7 milya nan finansman jeneral atravè DWSRF, ki ka itilize tou pou pwojè anlèvman plon an.
- **Ekite nan Distribisyon Fon.** EPA pral chèche opòtinite pou bay asistans teknik pou ti kominote ak kominote ki defavorize yo, ankouraje sansibilizasyon sou disponiblite pwogram finansman sa yo pou fè fas ak pwoblèm plon nan dlo potab epi mete aksan sou etid ka nan kominote ki te reyisi fè fas ak enkyetid konsènan itilizasyon fon piblik pou ranplasman liy sèvis plon nan kote prive a. De pwogram EPA ki nan sant objektif EPA a pou akselere ranplasman liy sèvis plon yo se pwogram pilòt selon Inisyativ Justice 40 la: Drinking Water State Revolving Fund (DWSRF) ak Water Infrastructure Improvements for the Nation Act (WIIN) Reducing lead in Drinking Water Grant. EPA ap angaje avèk aktè yo pou eksplore opòtinite pou maksimize

avantaj pwogram sa yo nan kominote defavorize yo, ki gen ladan aplikasyon espesifik pou dirije pwojè ranplasman liy sèvis yo.

- **Kolaborasyon Federal pou Plon nan Lekòl ak nan Gadri nan Dlo Potab.** EPA pral eksplòre kolaborasyon ak lòt ajans federal yo pou repara plon nan dlo potab nan lekòl yo ak nan etablisman gadri yo, avèk yon konsantrasyon espesyal sou kominote ki arisk pou plizyè fòm ekspoze nan plon.
- **Asistans Teknik ki Sible pou Kominote ki Gen Gwo Nivo Plon nan Dlo Potab.** EPA pral kolabore ak eta ak tribi ki gen responsablite prensipal pou aplike lalwa yo pou sistèm dlo piblik yo pou bay sipèvizyon ak asistans nan kominote ki gen gwo nivo plon nan dlo potab yo.
- **Amelyore Zouti Kominikasyon Risk yo.** EPA gen entansyon devlope konsèy ak modèl pou ede eta, tribi, ak sistèm dlo pou kominike risk plon yo nan fwaye ak nan kominote yo.
- **Dekouraje Ranplasman Liy Sèvis Plon yo epi Ankouraje Ranplasman Konplè.** EPA pral bay fòmasyon, konsèy ak zouti sou devlopman pwogram ranplasman liy sèvis plon, ki gen ladan fason pou asire reyalizasyon ekitab nan pwojè eliminasyon yo. EPA pral bay konsèy sou metòd ki disponib pou ranplase liy sèvis konplè plon yo yon fason ki sekirize epi ki efikas nan nivo li posib.